

**2020**

# **GID ORYANTASYON AK ENFOMASYON POU ELÈV ETRANJE YO**



**PACE**

PROGRAMA DE  
ACOMPAÑAMIENTO  
Y ACCESO EFECTIVO  
A LA EDUCACIÓN  
SUPERIOR

The logo features a white paper airplane icon above the word "PACE". The letters "P" and "A" are in yellow, while "C" and "E" are in orange. Below "PACE" is the text "uah/" followed by "Universidad Alberto Hurtado" in a smaller font.

## ANTESEDAN:

- Konstitisyon politik nan chili, nan atik 10, nimewo 10, etabli aksè ak edikasyon pou tout timoun ak jèn moun k ap viv nan teritwa nou an.
- Lwa jeneral N°20.370 sou edikasyon etabli ke ni leta ni etablisman edikatif yo pa ka fè diskriminasyon arbitrè kont elèv yo ak manm komintote edikatif la.
- Elèv ki soti nan lòt peyi gen dwa antre, rete ak pwogrese nan sistèm lekòl la menm jan ak yon elèv nasyonal. Nenpot fòm diskriminasyon kont li opoze ak prensip egalite a.

## PWOSESIS REKONESANS ETID ALETRANJE

Pwosesis rekonesans etid yo se yon etap fondamantal pou enklizyon elèv etranje nan sistèm edikatif chilyen an.

Pou kapab jwen aksè nan edikasyon debaz, segondè ak / oswa inivèsite nan peyi chili, li pral nesesè pou etidyan an akonpaye pa moun ki responsab li ya, sètifye nivo li ak / oswa kou kel pran aletranje oswa nan peyi orijin li.

**Pwosesis sa a pral depan dirèkteman de dokiman chak etidyan genyen. Selon sa, li pral kapab reyalize pwosesis konvalidasyon o validasyon etid yo. Pou pwosesis validasyon an, li pral aksepte sitou nan.**

- Akò validasyon Andrés Bello ak.
- Akò bilateral yo.

## POUKISA REKONASANS ETID YO EPÒTAN?

- Pou jwenn matrikil definitif nan etablisman edikasyonèl la epi rete nan nivo oswa kou ki koresponn selon laj chak elèv, ak dènye nivo ke yo te apwouye kote yo te etidye ya.
- Pou nòt ak apwobasyon nan kou oswa nivo ke elèv la te pran aletranje yo kapab rekonèt ofisyèlman nan chili. Sa pral pèmèt etidyan an reyalize san problèm pwosesis tankou enskripsyon PDT ak admision nan edikasyon siperyè yo.

# ETAP PWOSESIS LA

## SI OU GEN DOKIMAN OBLIGATWA YO:

### 1 RASANBLE ANTECEDAN NESESÈ YO

Premye bagay pouw konsidere se ke, pwosesis sa a kòmanse nan peyi orijin elèv la, apostile (legalize) sètifica etid yo nan ministè edikasyon ak ministè afè etranjè, plis nan konsil chilyen nan peyi orijin etidyan an.

Enpòtan pou konsidere ke dokiman yo ofisyèl, sa vle di yo pa aksepte fotokopi menm si li notarye.

Chak elèv dwe vini ak sètifica etid yo legalize depi nan peyi orijin yo. Si dokiman sa yo nan yon lang etranje, yap mande pou yo tradwi. Nou rekomande pou legalize dokiman ki tradwi yo tou.

Lè yo rive nan peyi Chili, elèv la ak titè li supoze yon lòt fwa ankò legalize sètifica etid li, Kounye a nan ministè afè etranjè ki nan chili.

Si peyi kote dokiman yo soti a se yon manm akò haya a (Convenio de la Haya) li pa nesesè pou legalize yo nan peyi Chili. Li sifi pou yo legalize nan peyi orijin etidyan an.

Avèk dokiman legalize a, plis kat idantite yo oswa paspò ki valab , chak etidyan dwe fè demann validasyon etid yo.

### 2 DEMANN PU VALIDASYON ETID

Avek dokiman yo reyini, elev la ak titè li supoze ale nan biwo èd Mineduk yo ki nan adres (Fray Camilo Henríquez 262, Santiago) epi fè demann pou rekonesans ak validasyon etid yo. Avèk RUT oswa paspò ki ajou, yo dwe mete ansanm dokiman ke yo te reuni nan Premye etap la.

Apre yo fin fè demann pou rekonesans etid yo, elèv la ap jwenn repons nan yon maksimòm de 20 jou abil a travè yon lèt ki soti nan MINEDUK.

Si yo apwouve demann lan, elèv la ap jwen Sètifica Rekonesans Etid yo ke li te fe aletranje Avèk sa a, li pral kapab enskri nan etablisman edikasyon nan peyi a avek yon Idantifikatè Pwovizwa ekolye (IPE) delivre pa Ministè a (nan ka elèv la poko gen RUN).

Si yo rejte demann nan, elèv la ak titè li supoze pase nan pwochen etap la.

## SI YO REJTE DEMANN NAN OUBYEN OU PA GEN DOKIMAN OBLIGATWA YO:

### 3 PWOSESIS VALIDASYON ETID YO

Pwosesis validasyon etid la kòmanse:

Lè demann nan validasyon rejte.

Elèv la pa gen dokiman obligatwa yo.

Oswa peyi orijin elèv la pa gen akò avèk Chili.

Pou sa, enstitisyon edikatif yo ka fè yon Enskripsyon Pwovizwa avèk IPE elèv la, konsa yap rete enskri nan kou ki apwopriye pou laj yo oswa ak dokiman lekòl yo pote a.

Pandan ke elèv la nan sitiyasyon sa a, ak enskripsyon pwovizwa (ki valab pou 1 ane), etablisman an dwe aplike yon seri tès validasyon nan yon peryod 3 mwa, epi voye rezulta pwosedi yo nan DEPROV ak nan biwo inite dosye Kourikoulòm ki koresponn lan.

Avèk rezulta tès yo voye yo, MINEDUK pral defini nan ki kou elèv la ka antre nan sistèm lekòl chilyen an, konsa, kou yo li te reyalize aletranje yo tou valide. Kou ki valide yo ap gen yon nòt nan 1 a 7 dapre echèl evalyasyon Chilyen an.

**Inité dosye Kourikoulòm nan ap anchaje pou founi sètifikasi rekonesans etid yo nan yon peryòd de 20 jou, li dwe rive nan etablisman edikasyonel chak etidyan. Avèk sètifikasi sa a, etidyan an ka realize matrikil definitif la nan etablisman an.**

Kèk obsèvasyon Nan eksperyans PACE-UAH sou pwosesis sa a:

→ Yon modifikasyon pratik ki te aplike nan dènye ane yo, atravè Pwogram Chili Resewwaw, (Chile te Recibe) depi le sa etablisman yo ka aji kòm entèmedyè nan pwosesis sa a, ant elèv yo ak enstitisyon yo. Sa vle di, yo ka resevwa dokiman yo epi konte sou biwo migrasyon Meri yo, oswa dirèkteman avèk MINEDUK, pou fasilite pwosesis sa yo.

→ Li esansyèl ke de moyen paralèl ak pwosesis rekonesans etid yo, chak elèv ansanm ak responsab yo regularize sitiyasyon migratwa yo (sa vle di, yo genyen kèk kalite viza ki ajou).

## **REKONESANS ETID ELEV KI NAN DENYE KLAS YO (FILO)**

Li fondamantal pou elèv etranje yo gen rekonasans etid yo nan moman ke yo fini edikasyon segondè yo, swa pa revalidasyon oswa validasyon. Sa pral pemet yo gen not klas segondè yo a jou (NEM), pou yo ka konvèti nan sistèm kalifikasyon chilyen an.

**Pou elèv ki ap etidyé denye klas (filo), genyen not anseyman segondè yo ki rekonèt nan sistèm lan enfliyanse dirèkteman nan pwosesis postulasyon edikasyon siperyè, paske san done sa yo nan sistèm nan elèv la pap ka fè postulasyon tès Tranzisyon (ansy-en PSU), ni postulasyon nan inivèsite ak enstiti.**

Pwosesis pou enkli not elèv etranje yo nan sistèm nan dwe fèt a travè aksyon kowòdone ant etablisman edikasyonèl yo, MINEDUK, DEMRE ak elèv yo. Men se Ministè a te a anchaje pou voye nòt lekòl segondè yo nan DEMRE.

### **KONSEY POU ELÈV YO:**

Li enpòtan pou elèv ki nan sitiyasyon sa a kapab verifye eta sitiyasyon yo Pandan yap apwoche nan nenpòt biwo èd Mineduk. Li enpòtan pou verifye:

- Ke etidyan an gen yon IPE valab oswa konfime ke IPE an ranplase pa yon RUN ki ajou.
- Si li te realize yon pwosesis rekonesans etid, ke enfòmasyon an antre kòrèkteman.

Yon fwa ke elèv fin remèt dosye akademik yo nan DEMRE, li sijere pou yo retounen konfime enfòmasyon an kounia ak DEMRE, yo kapbab kontakte Biwo Èd la (+56) 2 2978 3806 oswa youn nan sekretè Admisyon li yo.

## LA WAP JWEN TOUT ENFOMASYON ENPOTAN YO

<https://migrantes.mineduc.cl/>

<https://www.chileatiende.gob.cl/ayuda/sucursales>

<https://ayudamineduc.cl/>

Y en la barra de búsqueda ingresar:  
Matrícula Provisionaria

<https://ayudamineduc.cl/>

Y en la barra de búsqueda ingresar:  
Reconocimiento de estudios

<https://www.chileatiende.gob.cl/>

Y en la barra de búsqueda ingresar:  
Reconocimiento de estudios



# PACE

PROGRAMA DE  
ACOMPAÑAMIENTO  
Y ACCESO EFECTIVO  
A LA EDUCACIÓN  
SUPERIOR

PACE  
uah/ Universidad  
Alberto Hurtado



[www.uahurtado.cl/pace](http://www.uahurtado.cl/pace)



PACEUAH



paceuahurtado